



Mak Bèt la

Si yon moun ka fè diferans ant rezon ak ensten li ka fasilman konprann kisa mak bèt la ye. Rezon se fakilte ki pèmèt yon moun byen kalkile ak reflechi sou rezilta yon aksyon ki poko materyalize. Remake ke m'pa di yon aksyon ki poko fèt, mwen di yon aksyon ki poko materyalize. Jezi di kèlkeswa moun ki gade yon fi ak anvi déjà fè adiltè avèk li nan kè'l (Matye 5 :23). Sa vle di, aksyon se yon mouvman ki fèt nan espri, yo anvayi kè'w anvan ke yo pase nan faz fizik la. Ebyen se la-a ke rezon jwe yon wòl ki enpòtan. Rezon pral pèmèt ke'w kapab kanalize tout ide nan yon bon direksyon, pou yon rezilta kòrèk. Rezon fè ke'w ka imajinen ki kote yon ide kapab mennen'w. Rezon ba'w pouvwa pou wè sa ki ka rive nan yon fiti tan. Konsa ou ka wè kijan yon bagay ap kòmanse e kijan ke l'ap fini. Alòs ke ensten pa gen kapasite sa yo. Ensten wè sèlman sak devan je'l la. Ensten paka fè okenn previzyon. Ensten paka evite okenn malè. Se sèlman lè ensten frape ak yon obstak ke yon lòt ensten di'l pou'l kouri. Bondye te kreye lèzòm pou yo viv ak rezon, alòs ke'l te kreye bèt pou yo te viv ak ensten. Men, lè yon moun pèdi larezon moun sa a pèdi nati ke Bondye te kreye'l pou'l viv la, e li adopte yon nati bèt. Satan se premye kite pèdi larezon. Li te di ke l'ap monte tèt li nan menm wotè ak Bondye, e'l te menm panse ke'l ka vi-n chita sou twòn Bondye Papa a. Lè Bondye gade panse Satan yo, Bondye wè ke Satan pakonn ni pye ni tèt tout sa l'ap panse yo. Bondye wè ke Satan vi-n avèg, li pa konn kote'l prale, li paka wè ki kote panse'l yo ap mennen'l, li sèlman wè sa ki devan je'l yo, paske li paka fè okenn previzyon. Bondye wè ke Satan ap aji ak ensten. Kòm Satan se yon espri, pèsòn moun paka wè'l ; men, tout moun kapab wè ak konprann aksyon yon bèt ; konsa, nan lide pou nou menm lèzòm kapab wè ak konprann kisa aksyon Satan yo reprezante devan Bondye, Bondye deklare ke Satan se yon bèt. Pa gen okenn diferans ant aksyon Satan yo ak aksyon yon bèt. Konsa, depi se moun ki pran Satan pou modèl yo, moun sa yo chanje nati yo an yon nati bèt, e se konsa yo resevwa mak bèt la nan men dwat yo ak sou fwon yo.

Jodi a nou pral pale de 666 mak bèt la. Nou konn tande moun k'ap di : men ou menm menm ou se yon bèt, se po moun ki sou ou ! Deklarasyon sa yo fè konprann ke aksyon moun sa-a pa reprezante aksyon moun, men li idantifye aksyon bèt. Ebyen, fòm di nou ke panse, kwayans ak konviksyon nou yo, se yo menm ki dirije aksyon nou yo. Apot Pòl t'ap établi legliz nan peyi Krèt, li te bay Tit responsabilite pou'l nomen tout Evèk ki pral gen pou yo jwe yon wòl enpòtan nan ansèyman levanjil nan peyi Krèt. Aprè Apot la te fi-n bay Tit tout enstwiksyon nesèsè pou'l chwazi bon jan lidè pou'l mete nan tèt legliz yo, li pa't bliye fè'l sonje pou'l te trè sevè ak kreyen Kretwa yo paske bouch moun nan peyi Krèt pa rete atè, yo toujou ap bay manti. Se pa Apot la ki te di sa, se yon pwofèt Kretwa ki te fè deklarasyon an e Apot la jis konfime sa pwofèt la te di a ; annou li :

¹² Youn ladan yo, menm pwòp pwofèt pa yo, te di, Kretwa yo toujou ap bay manti, bèt mechan, vant parese. ^{Tit 1: 12}
 Sa m'ta renmen nou wè la-a, se lefèt ke pwofèt la egale mantè avèk bèt mechan. Sa vle di pa gen diferans ant yon mantè ak yon bèt. Pou kisa ? Paske yon bèt toujou ap twonpe tèt li, sa ensten'l montre'l la se pa sa'l janm ye. Se menm jan an tou, mantè toujou ap twonpe tèt yo, malgre yo tande ke twou manti pa fon, yo toujou mete nan tèt yo ke yo ka pase sou moun. Satan se premye ki te twonpe tèt li, se sa ki fè ke li se papa manti. Li te fè tèt li konprann ke'l ka vi-n menm jan ak Bondye, sa'l te wè a se pa sa'l te ye ditou, li twonpe tèt li, li twonpe $\frac{1}{3}$ nan zanj ki te nan syèl la, li twonpe Èv ki li menm twonpe mari li, e yo menm yo twonpe pitit yo. Konsa de jenerasyon an jenerasyon manti Satan yo fè chemen li nan kè lòm nan. Bondye deklare ke Satan se yon bèt paske Satan twonpe tèt li ak pwòp manti pal yo. Lè yon moun ranmase manti Satan pou verite, moun sa-a vi-n gen menm nati ak Satan, e li resevwa mak bèt la.

Pou kisa moun bay manti. Lèzòm pa renmen wont devan moun, nou pa renmen santi nou fèb, nou pa renmen lè moun pa kwè nan sa n'ap di, nou pa renmen santi rejè, nou pè repwòch, nou pè jijman. Malerezman, nou pa pafè. Aksyon nou yo toujou trennen bagay nou pa renmen ak sa nou pè yo dèyè nou. Konsa pou nou evite konsekans aksyon nou yo, nou itilize manti, ki se yon zouti ki pap rakonte sa'n fè yo jan'l pase a, men k'ap bay sa'n fè yo yon fòm ki koresponn ak imaj ke'n vle projete de nou menm nan. Konsa y'a va bat bravo pou nou, y'a fè'n konpliman e n'ap santi'n glorifye, pandan n'ap twonpe tèt nou ak tout moun k'ap tande e swiv nou yo.

Nan Ezayi 1: 18 Bondye Papa a envite nou pou'n chita ansanm, chita pou'n ka rezone ansanm. Tande ! Si nou asepte envitasyon sa a, mwen konvenki, ke n'ap ka konn ki kote'n soti ak ki kote'n prale. Konsa n'a ka evite mak bèt la, non bèt la ak nimewo non bèt la. Mak sa yo pa lòt bagay ke yon mak ki idantifye pou kiyès nou ye, yon mak ki fè konprann nan ki kan ke'n kanpe, yon mak ki di nan ki fanmi'n soti, ki siyat'i'n. Tande, papa'm siyen Jocelyn, mwen menm mwen siyen Jocelyn, mwen soti nan fanmi Jocelyn, sa vle di ke mwen se yon Jocelyn e papa mwen se papa tout Jocelyn yo, e tout pitit papa'm yo siyen Jocelyn. Papa Luci siyen Malonèt, Luci siyen



Malonèt, Luci soti nan fanmi Malonèt, Luci se yon Malonèt e papa Luci se papa tout Malonèt yo, e tout pitit papa Luci yo se Malonèt yo ye. Papa Malin siyen Mantè, Malin siyen Mantè, Malin soti nan fanmi Mantè, Malin se yon Mantè, e papa Malin se papa tout Mantè yo, e tout pitit papa Malin yo se Mantè yo ye. Pou moun k'ap tande kounye a, men sa'm vle di'w, mwen vle raple'w ke Satan se papa manti, siyati'l se Manti, e ke kèlkeswa moun k'ap viv nan manti li se pitit Satan, li fè pati de fanmi Satan, li siyen Manti, e li eritye mak Satan kise mak bèt la. Vèsè 18 la fè apèl ak sajès nou, pou'n ka rive konprann relasyon ki egziste ant **nimewo bèt la** ak **nimewo moun** ak 666; annou li:

¹⁸ Se la-a sajès la ye. Kite sila ki gen bon jan konprann ***kalkile nimewo bèt la**: paske **se nimewo yon moun**; e nimewo sila a se **sisan swasann sis**. *Revelasyon 13: 16-18* * psēphisatō

Pawòl la di Kite sila ki gen bon jan konprann ***kalkile nimewo bèt la**. Sa'w tande a, tout legliz yo ranmase plim yo ak kalkilatris yo pou yo kalkile nimewo bèt la. Men yo pa janm ka rive ak yon konklizyon, paske chak relijyon vini ak pwòp kalkil pa yo, e konfizyon anvayi yo tout paske pa gen youn ladan yo ki janm rive konprann sa y'ap esplike yo. Pa gen youn nan entèpretasyon sa yo ki janm pote limyè yon fason pou moun k'ap tande yo kapab gen yon ide klè e nèt sou nimewo bèt la. Okontrè yo tonbe nan plis konfizyon, yo pa konprann ni pye ni tèt ak tout fo ansèyman sa yo. Pou kisa? Paske ni moun k'ap anseye ak moun k'ap resevwa fo ansèyman sa yo bliye ke pawòl la te di se pou moun **ki gen bon jan konprann** kalkile nimewo bèt la. Sa vle di, moun ki gen anpil sajès. Se pa moun ki gen gwo tit ak gwo plas nan legliz, oubyen moun ki li nan gwo liv, gwo save ak gwo konesè, men se moun ki gen bon jan konprann ki ka kalkile nimewo bèt la. Pa gen okenn fòm matematik, okenn kalkilatè ak okenn òdinatè ki ka kalkile nimewo bèt la. Nan kondisyon sa a, se kijan pou yon moun rive konprann bagay sa yo? Ebyen fòm di'w ke se Espri Sen Bondye sèlman ki ka revele yo ba ou, mwen menm mwen pa kapab. Sèl sa'm ka fè, mwen ka pataje konviksyon pa'm avèk ou. Si'w konprann yo menm jan ak mwen nou gen menm espri a k'ap anseye nou. Si'w wè yo diferan espri k'ap anseye nou an diferan.

Pou yon moun konn nimewo non bèt la, fòk li konn non bèt la. Nou tout konnen ke Satan se bèt la. Pale de non bèt la se pale de non Satan. Papa'm se papa Jocelyn, sa vle di li se papa tout Jocelyn yo, non pa li se Jocelyn, paske li siyen Jocelyn. Satan se papa Manti, sa vle di li se papa tout moun k'ap bay manti, non pa li se Manti, paske li siyen Manti. Si'n t'a renmen gen plis enfòmasyon sou non bèt la refere nou ak mesaj #5 lan » Bèt la oubyen espri manti ».

Vèsè 18 la se dènye vèsè ki nan chapit 13 liv Revelasyon an. Men se vèsè ke kreyen yo plis pa konprann. Vèsè sa-a gen twa pwen ladan li ki gen yon enpòtans kapital : 1) pawòl la di : Kite sila ki gen **bon jan konprann** ***kalkile nimewo bèt la**. Si'w pa gen bon jan konprann, ki vle di anpil sajès ou pap ka kalkile nimewo bèt la. 2) Pawòl la egale **nimewo bèt la** ak **nimewo yon moun**. Sa vle di ankò ke pa gen diferans ant nimewo bèt la ak nimewo yon moun. 3) Pawòl la menm di nou ki nimewo ki nimewo yon moun, nimewo sila a se **sisan swasann sis**. Bondye di nou, si nou pa gen bon jan konprann, si'n pa gen sajès, nou pap ka wè ke kèlkeswa'l te yon bèt oubyen yon moun yo tou lède a gen menm nimewo, e nimewo a se 666. Lèzòm itilize tout mwayen ki nan pouvwa pa yo pou yo kalkile nimewo bèt la, sèl mwayen ke yo pa itilize se sajès, se bon jan konprann ke Bondye di pou nou genyen an. Se sa'k fè ke gen tout konfizyon sa yo. San sajès se devinèt n'ap fè, e devinèt se yon bann manti ki soti nan pwòp imajinasyon pa nou.

Annou pran premye pati a ki di : Kite sila ki gen **bon jan konprann** ***kalkile nimewo bèt la**. Pwoblèm nan se kijan'n ka fè pou'n kalkile nimewo bèt la ? Tande, Satan se li ki bèt la, li siyen Manti, si'w di Satan ou di Manti. Sa vle di **nimewo bèt la = nimewo Satan = nimewo manti**. Kisa nimewo bèt la ye ? Si nou pa ta vle fè menm jan ak tout lòt legliz yo, k'ap kalkile non moun avèk nimewo alfabè grèk ak ebre ak chif romen pou ba yo 666, oubyen k'ap akize Pap yo, ou fè byen, paske ansèyman sa yo poukont yo reprezante manti ke Satan ap itilize pou'l ka detounen moun de verite a. Men kisa revelasyon sa a di, li di ke Satan, ki se papa manti, ak tout moun ki fè pati de fanmi manti yo, gen yon nonb enkalkilab de manti ke yo kapab fè oubyen ke yo kapab bay. Nimewo a se nimewo manti, nimewo Satan, se pa yon nimewo ki kapab denonbre ak entelijans imen. Se sa'k fè ke Bondye di ke se avèk bon jan konprann ke nou ka wè ke pawòl la ap avèti nou sou kantite manti ke Satan kapab fè. Sèl fason pou moun chape anba manti entèminab sa yo, se lè ou konn verite Bondye Papa a. Jezi di nan pawòl li : ⁸ N'a va konnen verite, e verite a va bannou libète. *Jan 8 :32*. Se sèl Jezi, pawòl verite Bondye a, ki ka libere nou anba nimewo bèt la, libere'n anba kantite manti sa yo.

²Pawòl la egale nimewo bèt la ak **nimewo yon moun**. Men sa a se yon verite enkontestab, sonje ke nimewo bèt la se nimewo manti. Se moun ki bay manti ! Satan se yon espri, espri manti a, se moun l'ap itilize pou'l fè manti'l yo pase. Lè yon moun resevwa espri Satan, li resevwa espri bèt la, bonjou'l pa laverite, li pèdi larezon e li aji pa ensten menm jan ak yon bèt. Kantite manti yon moun ka fè pandan egzistans li se yon bagay ki enkalkilab. Si pou'w ta mete yon nimewo devan manti sa yo mwen pa konn ki chif pou'l ta ye. Yon



mantè se yon moun k'ap bay manti pou dan ri. Depi'l leve pou jiskaske l'al kouche li pa janm sispann fè manti. Yon moun konsa pa diferan ak Satan. Nimewo Satan, nimewo bèt la, se nimewo moun sa-a li ye. Non, se pa nimewo Pap la, se pa nimewo moun k'ap adore lè Dimanch. Se nimewo tout moun ki pa konn verite Bondye a (Jezi-Kris), men ki resevwa manti Satan yo kòm verite menm jan Èv te fè'l la.

3^e Nimewo bèt la se pa yon nimewo ki enkonni. Tout moun tande pale de 666. Nimewo sa a, se rezilta ekwasyon ke Bondye Li menm te kalkile pou nou, yon fason pou'n pa pede pèdi tan nan fè fo kalkil. Tande ! Yon ekwasyon kote $X=Y=Z$ se yon ekwasyon kote tout varyab yo egal youn ak lòt. Sa vle di Kèlkeswa valè ke'w bay X , valè sa a ap egal ak Y e l'ap egal ak Z . **Ann di ke $X=666$, nou déjà konnen ke $Y=666$, e $Z=666$ tou.** Nan vèsè 18 la ekwasyon an te prezante konsa: **Si n'ap gade vèsè a byen, men sa n'ap wè : n'ap wè ke nimewo bèt la = nimewo yon moun = sisan swasann sis.** Pa gen okenn dout ke **nimewo bèt la se 666**, menm jan an ke **nimewo yon moun se 666** li ye tou. Kesyon an se pou kisa ke moun avèk bèt gen menm nimewo? Se yon bagay ki senp. Bondye kreye Bèt avèk moun nan menm jou. Nan sizyèm jou a. Men ki kalkil ke Bondye te mande moun ki gen sajès yo pou yo fè a: Bèt avèk moun te fèt nan sizyèm jou a; Ni moun ni bèt se kreyati ki fèt an twa pèsòn, Kèlkeswa'l te yon bèt oubyen yon moun yo tou de te gen yon **nanm** ki te fèt nan **sizyèm** jou a, yon **kò** ki te fèt nan **sizyèm** jou a, ak yon **espri** ki te fèt nan **sizyèm** jou a., Kidonk nimewo **666** sa a, asosye yon **6** a chak pati ki konpoze trinite swa yon moun oubyen yon bèt. **Yon 6 pou nanm nan ke Bondye te kreye nan sizyèm jou a, Yon 6 pou kò a ki te kreye nan sizyèm jou a, Yon 6 pou espri a ki te kreye nan sizyèm jou a.** Sonje ke Bondye te pase lòd ak lòt otorite pou yo patisipe nan kreyasyon lèzòm ansanm avèk li. Otorite sa yo te gen nan tèt yo Bondye Papa a, Pitit la ak Espri-Sen an, ki selon nati yo te kreye tout moun pafè. Men lòm nan abandone pozisyon inisyal li yo, pou'l swiv Satan nan dezobeyisans ki te kalifye'l kòm bèt ki pi mètdam nan tout savann nan. Salomon, nan liv Eklezyas di ke pa gen diferans ant moun ak bèt (Eklezyas 3 :18-20). Revelasyon 13 di ke moun ak bèt gen menm nimewo (Revelasyon 13 :18).

Gen yon sèl fason ke yon moun kapab diferansye tèt li ak yon bèt, se lè moun sa a nan Kris. Jan Pòl te di'l la : Si yon moun nan Kris ou se yon nouvèl kreyati, bagay ansyen yo pase, men tout bagay vi-n nouvo. ^{2 Korentyen 5 :17}. **Lè sa a moun sa a pase de lòm animal ak lòm espiyèl. Nimewo'l pa 666 ankò, men li se 777 paske li vi-n gen yon nanm ki pafè, yon kò ki pafè ak yon espri ki pafè. Men, konprann ke yon zannimo pa kapab al jwenn Kris, paske nanm li pa kapab sibi okenn transfòmasyon. Se sa'k fè lè yon moun deside pou'l pa al jwenn Kris la, moun sa a idantifye tèt li tankou yon bèt ki gen yon nanm ki paka sibi okenn transfòmasyon. Moun sa a avèk yon bèt gen menm nimewo, kidonk devan Bondye Papa a yo gen menm idantite, yo tou de a se bèt ke yo ye, youn gen kat pye, lòt la gen de pye. Se nan kondisyon sa, ke ni moun ni bèt genyen menm nimewo a 666.**

Anvan m'ale, kite'm raple nou kisa vèsè 17 la di : ¹⁷ Pesonn pa ta dwe kapab ni **achte** ni **vann**, si se pa sila ki gen **mak, non bèt la**, oubyen **nimewo non li**. Vèsè a di nou ke yon moun pa ta dwe kapab ni achte ni vann si kondisyon sa yo pa ranpli. Pou'w kapab achte ak vann se swa'w gen **mak bèt la, non bèt la**, oubyen'w gen **nimewo non bèt la**. Tande, acha ak vant toujou demontre relasyon komèsyal ki egziste ant de pati. Yon pòsyon ap vann, yon lòt pòsyon ap achte. Moun k'ap vann nan ap resevwa lajan, pandan ke moun k'ap achte a bò kote pa li ap bay lajan. Moun k'ap vann lan t'a renmen vann pou plis kòb yon fason pou'l kapab fè gwo benefis, alòs ke moun k'ap achte a pa ta renmen achte pou anpil kòb yon fason pou'l pa depanse twòp. E se la tout pwoblèm nan ye a ! Nan mitan acha ak vant, gen anpil enterè pèsònèl ki vi-n kondisyon tranzaksyon yo : yon gwoup vle fè anpil benefis, yon lòt gwoup pa vle depanse twòp. Nan kondisyon sa a youn tonbe ap bay lòt manti pou yo ka proteje enterè yo. Se yon relasyon mantè ak mantè, relasyon sa yo egziste tout kote ki gen aktivite acha ak vant. N'ap jwenn yo nan mitan doktè ak pasyan, avoka ak kliyan, gwo komèsan ak ti komèsan. Nou tande pale de moun k'ap vann machi-n, moun k'ap vann kay, bòs mason, koutiryèl elatriye. Pou kisa nou konprann ke nan tout sektè kote acha ak vant egziste, manti toujou kanpe an gouvènè general? Ebyen se paske chak moun ap defann enterè pèsònèl yo. Li vi-n prèske enposib pou nou pratike 2^e gran kòmandman sa a ke Jezi bannou an (Matye 22: 39), lè'l te di nou pou nou renmen pwochen nou menm jan'n renmen pwòp tèt pa nou. Kòmandman sa a se kle tout pwoblèm nou yo. San lanmou pou pwochen nou, relasyon nou yo ap toujou chita sou manti. Pa gen nou youn k'ap janmè fè lòt konfyans si tèlman nou renmen bay manti. Efektivman, moun k'ap vann nan bay manti, men moun k'ap achte a li menm li kwè nan manti.

Sa a se kote fizik kesyon an, men se kijan pou'n konprann bagay sa yo espiyèlman menm? Se senp! Tout relasyon sa yo egziste akòz de la pawòl. Si pa't gen pawòl pa t'ap gen tande. Si pa't gen tande pa t'ap gen konprann. Si pa't gen konprann pa t'ap gen kwayans. Kèlkeswa'l te nan tele, radyo ak entènèt se pawòl k'ap gouvènen. Menm imaj ke w'ap gade yo eksprime yon pawòl silansye. Tande byen, moun vann pawòl e moun achte pawòl tou. Lè yon moun ap pale



de sa'l panse, se vann l'ap vann ide'l yo, sila yo ki kwè nan pawòl sa yo achte ide sa yo; se sak fè, anpil moun lè yo pa dakò ak yon ide fè'w konnen ke yo pap pran sa a nan men'w! Oubyen yo di'w monchè m'pap achte sa a pou ou! Ameriken an, pou'l fè'w konprann ke'l pa kwè nan pawòl ou yo li di'w kareman: I am not buying that. Lè'w deside kwè nan pawòl yon moun, ou achte pawòl li, e moun sa a li menm vann ou pawòl li yo. Satan vann pawòl manti'l yo bay Èv, Èv kwè li achte, lè'l fi-n achte l'al fè reklam pou'l vann manti Satan yo bay mari li, mari a kwè e li achte; jodi a, latè antye eritye yon biznis manti. Bondye egzòte ou pou'w pa kwè nan manti sa yo, si'w kwè yo espri Satan ap abite nan ou, konsa l'ap mete so'l sou ou, l'a ekri non'l sou ou, e l'a make nan kè'w oubyen nan fwon'w nimewo bèt la 666. Sonje'm te pale de kagezon manti ke dezyèm bèt la ap pote al vann bay tout nasyon sou tè a. Ebyen lè yon moun kwè nan manti sa yo li achte yo. Pèsòn pa ka ni achte ni vann si yo pa ta fè tèt yo kwè ke machandiz ke y'ap achte oubyen vann yo bon.

Bondye te vle fè nou konprann ke nou pap ka rete onèt nan relasyon ke nou genyen youn ak lòt tout otan ke n'ap viv nan manti, tout otan ke n'ap viv nan rebelyon. Rebelyon divize, li bay nesans ak Satan, ki li menm kreye dezobeyisans. Jezi-Kris Li menm te vi-n yon moun pafè paske'L te aprann obeyi ak Papa'L nan tout sa L'ap fè (Ebre 5: 8). Sèl fason pou yon moun vi-n pafè menm jan ak Jezi se lè moun sa a vi-n obeyisan; konsa, nan Kris l'a va jwenn pouvwa pou'l vi-n pitit Bondye.

M'ap raple nou ke mak bèt la se mak ki idantifye yon moun kòm yon mantè. Non bèt la se non-Satan ki se papa manti a, ki siyen Mesye Manti. Tout moun ki fè pati de fanmi bèt la, yo pote non bèt la, yo siyen Manti. Nimewo non bèt la se 666; 666 se nimewo tout moun ki fè doktora nan manti, Satan ba yo yon diplòm Doktè manti, e nan diplòm lan li ekri: Mwen remèt ou diplòm sa a paske ou rekonèt e aksepte manti'm yo pou verite, ou make'l nan men dwat ou, ak sou fwon'w, ou va reprezante mwen tout kote'w pase, menm jan avèk mwen ou se yon bèt, nanm ou pap janm kapab chanje.

Tande, men avètisman ke pawòl la bay; pawòl la di :

⁹ ... si yon moun adore bèt la ak imaj li, e resevwa mak li sou fwon'l, osinon sou men'l,

¹⁰ moun sa a va bwè diven kòlè Bondye a, ki te vide san melanj nan vè endiyasyon'l lan; e li va toumante anba dife ak souf devan zanj ki apa yo ak devan Mouton an:

¹¹ E lafimen touman yo ap monte san rete pou tout tan: e yo pa gen repo ni lajounen ni lannwit, sila yo ki te adore bèt la ak imaj li, e kèlkeswa moun ki resevwa mak non'l lan. Revelasyon 14 :9-11

Ke moun ki gen zòrèy pou tande, tande!